Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 29 (7478)
17 Июнь
Хамиз
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Коронавирус: вакцинация

## Унти цIикIкIунеб буго



Гьал къоязда районалъул администрациялда букIана оперативияб штабалъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна муниципалитеталъул территориялда коронавирусалъул инфекция тIибитIизе тунгутIиялъул мурадалда халкъалда гьоркьоб вакцинация гьаби хехлъизабиялде кIвар буссинабураб суал.

Данделъи бачана районалъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовас. Гьес бихьизабуна гьабсагIаталда районалда коронавирус тIибитIиялда хурхун гIезегIанго хIалуцараб хIал бугин. Руго унти тIаде цIикIкIиналъул хIужаби, руго захIматго ругел. – Районалъул кIиго росулъ – Балахьуни ва Майданскиялда РДялъул Роспотребнадзоралъул Управлениялъ чIезабун буго цIуниялъул къагIидаби рукIинари, гьезие лъикIаблъун рихьизарун руго маскаби рай, гIемерал гIадамал данде ракIарунгутIи, дезинфекция гьаби, бертаби, кверкьей ва цогидалги тадбирал гьарунгутIи. Гьединалго рихьизарият тIуразаризе ккола цогидал росабазул гIадамазги, киса-кибего загьирлъулеб буго коронавирусалъ унтарал цIикIкIунел рукIин.

КIиго къоялъ цебе тIобитIараб оперативияб штабалъул заседаниялдаги кьварун лъазабун букIана вакцинация гьабиялъул рахъалъ. Гьедин РДялъул БетIер Сергей Меликовас чIванкъотIун бихьизабулеб буго чIахIиял захIмалъабигун коронавирус цIидасан тIибитIулеб букIин хIакъаб бугин ва гьеб чIезабиялъе кинабго гьабизе кколин, гьелъие кIвар бугеблъун кколин вакцинация гьаби,-абун.

Гьебги хIисабалде босун,-ян тIадчIей гьабуна ГI-М. МухIамадовас районалъул жамагIаталда бичIчIизабизе ккола вакцинация гьабиялъул бугеб кIвар, унти бахинчIого букIиналъе гьеб гьабизе хIажат бугин щивав чияс,-абун бихьизабуна гьес. Гьенибго М. МухIамадовас тIадчIей гьабуна Россиялъул вакцинациялъ лъикIал хIасилал кьолел ругин, ахIана киназго гьеб гьабизе ва гIакълу цебеккезабизе.

ХIурматиял районалъул гIадамал!

Коронавирусалъ гIемераб халкъ цадахъго унтиялде рачинчIого рукIине божилъигун ва хьулгун гьарула нужеда цIуне цIодорлъиялъул нормаби, гьабе кверазе дезинфекция, данде ракIаруге гIемерал гIадамал, дагьаб мехалъ гьаруге бертаби, чи хваралъуб кверкьей, бухьен гьабуге унтаразулгун. КIочонге, нужер гIакъилаб ва бичIчIи бугеб хьвада-чIвадиялда бараб буго цо нужер гуреб гIемерал гIадамазулги гIумро. Цойги нухалъ гьарула, цIодорлъи гьабе!

## Аппараталъул данделъи



11 июналда районалъул администрациялда букIана иргадулаб аппараталъул данделъи. Гьеб бачана районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГI-М. МухIамадовас. Гьес бихьизабуна гьабсагIаталда унго-унголъун кIвар бугеб суал кколин районалда эпидемиологиялъул рахъалъ бугеб захIматаб хIал, гьелъулгун гьабулеб кьеркьей, коронавирус цIакъго халкъалда гьоркьоб тIибитIизе течIого вакцинация гьабун гIодобе ккезаби. ТIадчIей гьабуна вакцинация гьабиялъ гIемерго гIодобе бачIинабизе рес бугин захIматаб, хадур гIунтIулареб унтиялъ кьолел хIасилал.

Гьединго бицана цогидал суалазул ва захIмалъабазул. Киналго балагьиялде росарал суалазда хурхун иш тIаде кколезе кьуна тIадкъаялги.

## Аслияб байрам кIодо гьабуна



11 июналда, Россиялъул Къоялда цебе районалъул администрациялда букIана гьеб байрам кIодо гьабулеб роха-хинлъиялъул тадбир. Гьеб рагьана районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. Гьес бихьизабуна Россиялъул Къо кколин нилъер улкаялъул началихъалъул аслияб праздник. «Россия ккола кIудияб пачалихъ, гьелъул буго бечедаб тарих ва культурияб ирс. Нилъ чIухIула гьелъул тарихалдаса, гIемеррахъазулал гIадатаздаса. Нилъер кIудияб улкаялъул тарихалъул хIурматги гьабун цогояб ракIалде щвеялъ цолъизарула нилъ. Нилъер улкаялъул букIинесеб бараб буго нилъедаго! Баркула нужеда Россиялъул Къо»!,-ян абуна ГI. МухIамадовичас.

Районалъул администрациялъул бетIерасул ва жиндирго рахъалъ данделъаразда байрам баркана ГI-М. МухIамадовасги. Гьес тIадчIей гьабуна гьелъ бихьизабулин нилъер миллатазул цолъи ва гIаммаб жавабчилъи,-абун. «Россия ккола гьайбатаб тарихалъул кIудияб улка, гьелъул гIадамаз ирсилазе цIунунги буго гIасрабазул тарихгун гIадатал. Рекъел, лъикIлъи, цIиял бергьенлъаби нилъер ВатIаналъе»!,-ян лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай

## Продолжается подписка на «Ахихъан»

Информируем Вас о том, что подписная кампания на периодические печатные издания на второе полугодие 2021 года продолжается.

На центральные периодические издания кампания завершается 20 июня. На республиканские и муниципальные – 28 июня.

Периодические издания, и в частности, муниципальная газета «Ахихъан», которая выпускается на территории нашего района, играют важную роль в информировании населения о важных изменениях в законодательстве, событиях в обществе и политике, отражают позитивные перемены, происходящие в социально-экономической сфере и общественно-политической жизни республики.

Поэтому не упустите возможность получать свежие новости и развернутые статьи по важным, актуальным вопросам.

Газета – это страницы истории, которую мы пишем вместе с вами. А также возможность расширить кругозор, быть в курсе происходящих событий и знать мнение ведущих политологов и публицистов о происходящих в мире, стране и республике событиях.

Подписывайтесь на периодические издания и будьте в курсе всех событий!

**Ахихъан**
Районалъул газета
№29 (7478)
Хамиз
17 июнь 2021 сон



Гьал къоязда Дагъистаналде бачIана II азаргоялдаса цIикIкIун доза «Спутник-V» вакцинадул. Гьелъул хIакъалъулъ лъазабулеб буго Дагъистан Республикаялъул Минздравалъул сайталда. ГIелмиял цIех-рехаз бихьизабуна гьеб вакцинаялъул 97 % хайир букIин. Вакцина гьабун хадуб гIураб къадаралда антителаби рачIуна чиясул чорхолъе.

I5 июналда республикаялда вакцинация гьабун буго II9 629 чиясе.

БахIарчияв умумазул тарих

# Унсоколо район – чIагояб музей

Унсоколо районалъул буго жиндиего хасиятаб бечедаб ва бахIарчияб тарих, тIадегIанаб магIнаялъул гIадатал-гIумро, гIолеб гIелалъе мисал босизе гIемераб жо бугел бахIарчияб гIел. Дагъистаналда лъугьунел киналго политикиялгун тарихиял лъугьа-бахъиназулъ кидаго бакьулъ рукIана гьел. Даимго рукIана сверухъ ругел киналго халкъалгун ракълида.

Пана гьарула гьелъул тIабигIаталъул



берцинлъиялъ, тарихалъул бахIарчилъиялъ, искусствалъул щвалде щвеялъ, гIумро гьабулезул хIалимлъиялъ. РукIана ва руго ахихъаби, хурухъаби, боцIухъаби, къокъго



абуни умумазул гIумро-магIишат кIоченчIел, намус-яхI борхатго ккурал гIадатиял гIадамал.

РакIалдаго гьечIого ахираб заманалда хиса-сверун ана киса-кибего ва районалдаги гIумро. ГьабсагIаталда дунялалдаго кIвар кьолеб рахълъун лъугьун буго туризм. Гьеб цебетIеялъе чIахIиял ресал руго нилъер районалъулги. Амма гьелде гIураб хIадурлъи бугищха нилъер? Гьединаб заманалда бищунго кIвар кьезе кколеб рахълъун хутIула музеял. Гьел камун гьечIо нилъер районалдаги. Жиб-жибалда азаргоялдаса цIикIкIарал тIагIелал ракIарарал кIиго музей буго Унсоколо росулъ.

ГIолел туристазул станциялда музей гIуцIана цIар рагIарав тарихчи, краевед, РФялъул лъай кьеялъул хIурматияв хIалтIухъан, РДялъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи, РДялъул лъай кьеялъул отличник Ибрагьимов ХIажи ХIусейновичас.

М. Дахадаевасул цIаралда бугеб цойги музеялъе нухмалъи гьабулеб буго ХIалимат МухIамадовалъ. Генуб росулъ къиматаб музей гьабуна МухIамадсултIан ГIабдулаевас, ХъахIабросулъ Мух1амад Х1асановасул кумекалдалъун МахIмудил музей бакIарана. Гьел гIадамаз гIемераб хIалтIи гьабула умумазул гIумроги гIадамазул нухги гIолеб гIелалъе цIуниялъе. Амма гьел киналго данде рачун Шамильхъалаялда кIудияб музейги гьабун, тарихалде кIвар кьезе щивго ургъулев гьечIо, ай гьеб жакъа кIудияб кIваралъул иш кодохъ босичIого хутIун буго.

Гьедин гьечIо иш Дагъистаналъул цо-цо бакIазда. 90 саназда дун хIалтIулей йикIана гIолел туристазул станциялда тарихалъул бутIаялъул методистлъун. Гьеб заманалда ниж коллективгун цадахъ гьоболлъухъ



ахIана Ленинкенталъул школалъ. Гьелъул нухмалъулейлъун йикIана ва йиго РФялъул ва РДялъул мустахIикъай тарихчIужу Чакар Меджидова. РакI-ракIалъ гьабулеб хIалтIул хIасил хехго бихьула. Дагъистаналъул тIолабго тарихалъулъе ккани ккана гьеб къоялъ нижеда музеялъухъ балагьулаго. Школалъул т1убараб тIоцебесеб этажалда бугоан музей, Дагъистаналъул гIумроялъул гьенибе гьоркьобе бачинчIеб жо гьечIоан. Гьенире ралагьун лъугIаралго ниж рачана цоги рахъалда бугеб спортзалалде. КIалтIасан жанире ралагьаралго данде битIараб къадада ран руган «Унцукульцы – предводители Дагестана»,-абураб игIламгун имам ГъазимухIамадил, имам Шамилил, МахIач Дахадаевасул, ХъахIабросулъа МахIмудил портретал. Гьединаб кIваркьей нилъер церехъабаздехун кълатIиб батидал ниж намуслъун лъугьараблъи бихьана Чакарида. Гьелъ гIедегIичIого абуна: «Хириял, нужер район буго чIагояб музей гIадаб бакI, музейго къваригIинаринищ нужеца бугелда гIей гьабун бугеб?,-абун.

Цо заманаялдасан тарих лъугьине бегьула бечелъилъун, воре бакIаре бахIарзазул



хIакъалъулъ материал…»,-абун лъуг1изабуна гьелъ нижее гьабулеб малъа-хъвай.

ХIакъикъаталдаги тIубараб этажалда музей буго гIицIго борхьица хъамун гьенире гочаразул. Росдал музей гьеб бугониги республикаялъул музеялда гьечIелцин экспонатал жанир ругоан гьенир. Нилъ абуни чIун руго лъицаялиго нилъее аралъул хIакъалъулъ балагьун кьезег1ан.

ХIакъикъаталдаги гьабсагIаталда туризмаялдалъун Дагъистан бечелъизе, цебетIезе рес буго. Нилъер гьаб гьайбатаб районги гьелъ гьоркьоб теларо. Лъалеб букIахъе цIакъго бечедаб буго гьелъул туристлъиялъул маршрутал.

Хадубккунисеб туристлъиялъулаб хIалтIуе



нухал ралагьичIого нилъее рес гьечIо. ГIезегIанго санагIалъаби руго гьабсагIаталдаго гьелъие районалда. Амма гьелъ гIей гьабуларо дунялалдасаго туристал Дагъистаналде хьвадизе лъугьани. ХIажат буго нилъерго гьумер нечеларедухъ сверухълъи берцин ва гIала-гъважаялдаса бацIцIад гьабизе. ТIабигIат берцинал ва тарихиял бакIазда гьеб рахъ лъикIлъиялъе тIадкъарал гIадамал таницин лъикIан. Биччанте туризмалъе рагьараб нух ва квербакъизин чIагояб музей гIадаб нилъерго район дунялалдаго бихьизе.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 29 (7478)
Хамиз
17 июнь 2021 сон



**Садовод**
Страница в номере



# Правила пожарной безопасности в лесу

Летом резко увеличивается вероятность возникновения пожаров из-занарушения правил пожарной безопасности при сжигании мусора иразведении костров в неположенных местах. По статистике, в 9 случаях из 10виновником лесных пожаров является человекБольшинство лесных пожаров возникает от не затушенных костров. Лучшене разжигать их в сухую тёплую и ветреную погоду. Но если все жевозникает необходимость, требуется соблюдать простые правила. Разжигатькостры следует на специально отведенных для этого местах. Если таковогоместа нет, то его можно подготовить на песчаных и галечных косах поберегам рек и озёр, на лесных дорогах, в карьерах, на старых кострищах, налужайках и полянах, покрытых зелёной травой. Необходимо вокруг костра,на полосе шириной не менее 0,5 м, убрать всё, что может гореть и послужитьпричиной распространения огня. Желательно, чтобы вблизи костра былавода, а также ветки для захлестывания пламени на случай распространениягорения. Старайтесь не разжигать костры под кронами елей, сосен, обычноимеющих опущенные кроны, а также в хвойных молодняках. Избегайтераскладывать костры вблизи дуплистых деревьев - они опасны в пожарномотношении. Недопустимо разжигать костры на старых вырубках, наплощадях с большим количеством сухих горючих материалов. В этихслучаях даже небольшой искры достаточно, чтобы поблизости костра возниктлеющий, незамеченный источник загорания. Горение древесины наоткрытых участках всегда очень сильное. В сухую погоду и при ветрегорящие сучья, листья, угли переносятся на десятки метров.

При посещении леса необходимо помнить, что курение опасно, особенно вхвойных насаждениях, где мало зелёной травы и днём сильно подсыхаетпрошлогодняя хвоя, лишайники, трава, мелкие веточки и другойрастительный опад. Поэтому лучше курить в специально отведённых местахили на участках, пригодных для разведения костров и курения. Курить в лесуна ходу не следует, т.к. всегда существует опасность машинальногоотбрасывания в сторону горящей спички или окурка.

Дисциплинированность в лесу, сознательное поведение и строгоесоблюдение несложных правил пожарной безопасности будет гарантиейсбережения лесов от пожаров.

В пожароопасный сезон в лесу недопустимо:

пользоваться открытым огнем;

выжигать траву под деревьями, на лесных полянах, прогалинах, а также стерню на полях, в лесу; разводить костры в хвойных молодняках, на торфяниках, лесосеках, в местахс сухой травой, под кронами деревьев, а также на участках поврежденноголеса;

употреблять на охоте пыжи из легковоспламеняющихся или тлеющихматериалов;

оставлять промасленный или пропитанный горючими веществамиобтирочный материал;

заправлять горючим баки двигателей, использовать неисправные машины, курить или пользоваться открытым огнем вблизи машин, заправляемых горючим;

оставлять бутылки или осколки стекла, так как они способны сработать как зажигательные линзы.

**При пожаре**

Приобнаружении возгорания в лесу или вблизи от него лесной подстилки, главная задача - не дать пожару набрать силу и распространиться. Для этогоследует потушить огонь, тщательно осмотреть место горения и убедиться, что не осталось очагов горения. В тех случаях, когда самостоятельно огоньпотушить не удается, необходимо сообщить о пожаре в МЧС, органы леснойохраны, в местные органы власти или полицию.

При тушении загораний в лесу самым распространенным способом являетсязахлестывание огня на кромке пожара. Для захлестывания используютсязелёные ветви. Эффективно забрасывание кромки пожара грунтом,охлаждающим горящие материалы и лишающим их доступа воздуха.

Во время тушения необходимо соблюдать правила пожарной безопасности итвердо знать, что при верховых лесных пожарах, когда горят кроны деревьев,убежищем могут служить берега водоёмов, крупные поляны, лиственный лесбез хвойного подроста. Не следует искать убежище на дорогах и просеках,окруженных хвойным лесом, особенно молодняком с низко опущеннымикронами, а также в логах, поросших лесом.

Действия в зоне лесного пожара:

окунитесь в ближайший водоем или накройтесь мокрой одеждой;

для преодоления нехватки кислорода дышите через мокрый платок или смоченную одежду, пригнитесь к земле;

определите направление ветра и распространение огня;

выбрав маршрут выхода из леса в безопасное место, выходите только в наветренную сторону и вдоль фронта огня;

при небольшом пожаре заливайте огонь водой из ближайшего водоема, сметайте пламя 1,5-2 м пучком из веток лиственных деревьев, мокрой одеждой, плотной тканью; небольшой огонь на земле затаптывайте, не давайте ему перекинуться надеревья, не уходите, пока не убедитесь, что огонь потушен.

Все предложенные рекомендации не заменяют главного - соблюдения правил пожарной безопасности.

# О запрете курения кальянов и электронных сигарет

Госдума приняла закон о приравнивании электронных сигарет и кальянов к табачным изделиям. В частности, вводится запрет на их использования в общественных местах.

Поправки затрагивают любую содержащую никотин продукцию - электронные сигареты, вейпы, никпэки, снюс и насвай, ограничения коснутся и кальянов. В местах, где нельзя курить сигареты, будет запрещено также употреблять подобную продукцию. В том числе - на рынках, в торговых центрах, офисах, кафе и ресторанах, в зданиях вокзалов и аэропортов.

Речь идет и о запрете продажи такой продукции несовершеннолетним. Кроме того, на нее предлагается распространить и ограничения по продаже и рекламе, действующие для табачных изделий.

Новые нормы также запрещают курение любой никотинсодержащей продукции в помещениях, которые составляют общее имущество собственников комнат в коммунальных квартирах. То есть, например, на кухнях «коммуналок».

Где вводится запрет на курение кальянов и электронных сигарет

1) в образовательных учреждениях, а также объектах культуры и спорта;
2) на объектах и территориях медицины, санаториях;
3) в поездах, на водных и воздушных судах (при перевозки пассажиров);
4) общественном транспорте, на расстоянии ближе 15 м. от входа в вокзал, аэропорт, портов, метро… и внутри помещений;
5) в помещениях для жилищных услуг, гостиничных услуг, услуг по временному размещению;
6) в помещениях для предоставления бытовых услуг, услуг торговли, рынков, в нестационарных торговых объектах;
7) объектах соц.служб;
8) на территории помещений госорганов, местного самоуправления;
9) на рабочем месте и рабочей зоне;
10) в лифтах, местах общего пользования многоквартирных домов, в коммуналках;
11) в пределах детских площадок, пляжах;
12) на пассажирских платформах;
13) на автозаправках
14) в помещениях общепита

Почему запретили кальяны

В пояснительной записке к законопроекту указано следующее.

Согласно исследованиям «употребление несовершеннолетними, которые никогда не курили, электронных курительных изделий с использованием жидкости, содержащей никотин, не менее чем вдвое увеличивает вероятность того, что они начнут курить».

«Использование кальяна также несет негативные последствия для здоровья, затрагивающие респираторную систему, сердечно-сосудистую систему, полость рта и зубы».

В последние годы получили большое распространение бестабачные курительные изделия – электронные сигареты, кальяны, вейпы, электронные системы доставки никотина, которые позиционируются их продавцами как возможность на законных основаниях курить там, где потребление табачных изделий запрещено – в том числе – в заведениях общественного питания, на транспорте, на рабочих местах, в образовательных и спортивных учреждениях. А вдыхаемый при их использовании аэрозоль преподносится продавцами, чуть ли не как чистый водяной пар, что не соответствует действительности.

По данным ВОЗ, при использовании бестабачных курительных изделий, производится

Кроме того, для окружающих пользователя электронных сигарет (вейпов, кальянов и тд), выдыхаемый так называемый «вторичный аэрозоль» также опасен, поскольку содержит высокие концентрации токсичных веществ, а уровни содержания некоторых металлов, таких как никель и хром, во вторичном аэрозоле даже выше, чем при пассивном курении обычных сигарет.

Закон приведет к «снижению потребления табака, использования электронных курительных изделий и кальянов». Также это будет способствовать снижению «смертности от болезней системы кровообращения, новообразований.., туберкулеза».

# «Этика и деонтология – неотъемлемая часть медицинской помощи»

Специалистами отдела защиты прав застрахованных ТФОМС РД совместно со специалистами филиала страховой медицинской организации АО «Макс-М», Руководителем общественной организации «Монитор пациента» проводятся беседы в коллективах медицинских работников на тему «Этика и деонтология в современной медицине».

Медицинская этика и деонтология – неотъемлемая часть медицинской помощи, которая, наряду с грамотной тактикой диагностики и лечения способствует достижению клинического эффекта.

Медицинская этика и деонтология представляют собой особенности медицинской деятельности, основанной на взаимном доверии больного и медицинского работника, которому больной добровольно вверяет свое здоровье, а иногда и жизнь. Медицинская этика (греч. etohs — обычай, нрав, характер) как часть общей этики рассматривает вопросы нравственности врача, включая совокупность норм его поведения и морали, чувство профессионального долга и чести, совести и достоинства.

Медицинская этика охватывает и определенные нормы поведения медицинского работника в быту, его культуру, человеколюбие, физическую и моральную чистоплотность и т. д. В целом можно сказать, что этика — это внешнее проявление внутреннего содержания человека.

Под медицинской деонтологией (греч. deon — должное) понимают принципы поведения медицинских работников, направленные на максимальное повышение пользы лечения и устранение последствий неполноценной медицинской работы. Деонтология является частью медицинской этики, медицинской морали.

В настоящее время новейшие достижения медицинской науки и техники заставляют несколько с другой точки зрения рассматривать традиционные нормы медицинской деонтологии, но потребность больного в чутком и внимательном отношении медицинского работника, в его добром слове, вселяющем надежду, не уменьшилась, а еще более увеличилась. Тактика врача, его поведение всегда должны строиться в зависимости от характера больного, уровня его культуры, тяжести заболевания, особенностями психики. С мнительными больными необходимо обладать терпением; все больные нуждаются в утешении, но в то же время в твердой

уверенности врача в возможность излечения.

Медицинский работник в отношении к больным должен бытькорректным, внимательным, не допускать панибратства.

Врач должен быть специалистом высокой квалификации, всесторонне грамотным. Сейчас больные читают медицинскую литературу, особенно по своей болезни. Врач должен в такой ситуации профессионально и деликатно общаться с больным. Неправильные действия врачей или медицинского персонала, неосторожно сказанное слово, анализы или истории болезни, ставшие доступным больному, могут привести к фобии, то есть боязни того или иного заболеванияК деонтологии относится сохранение врачебной тайны. В ряде случаев приходится скрыть от больного его истинное заболевание, например рак. Сохранение врачебной тайны относится не только к врачам, но и медперсоналу, студентам, то есть всем тем, кто контактирует с больными. Есть правило: «Слово лечит, но слово может и калечить». Врачебная тайна не распространяется на родственников больного. Врач должен сообщить родственникам истинный диагноз, состояние больного и прогноз.

Взаимоотношения врача с родственниками самая сложная проблема

медицинской деонтологии. Если заболевание обычное и лечение идет хорошо допустима полная откровенность. При наличии осложнений допустим корректный разговор с ближайшими родственниками.

Сегодня, как никогда остро стоит вопрос соблюдения прав и свобод

пациента как личности, соблюдение прав пациента (право выбора, право на информацию и др.)

Главная цель современной медицины — благополучие пациента, ивосстановление здоровья, достижение которых невозможно без соблюдения принципов этики и деонтологии.

Начальник Отдела
защиты прав застрахованных
ТФОМС РД (Буйнакский филиал ОМС)

### ЛЪАЗАБИ

20I6 соналъул 24 июналда Унсоколо 1 школалъ МухIамадов Расул МухIамадовичасул цIаралда кьураб № 005I800I243768 бугеб, тIубачIеб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Сахлъи: ралагьизин букIинеселъул генофондалъухъ

# БотIрода рас гьечIев залим яги ракI гьечI

## (Щив гьев? Нилъха 500 сонидасан. Гьедин рикIкIунеб буго цо-цо гIалимзабаз)

**Эволюция: лъикIалги квешалги рахъал**

3000 соналде инсаният бачIина жидерго хаслъиялде. ТIадегIанаб технологиялъул кумекалдалъун гIадамал ругьунлъила жидер черх хиса-басизабизеги, генабазулъацин инабизе кIвела дефекталъулал генаби. Клонирование ва органал хиси лъугьина гIадатияблъун. Хисила чиясул организмалъул гIадатиялцин параметраби. Къокъго абуни нилъ сверила гулливеразде. Бихьиназул лагаялъул борхалъи бахине бегьула I90-2I0 сантиметралде, чIаго рукIине руго I20-I30 соналъцин.

къаркъалаялда. ТIад балагьун бихьинал дагьалги жакъаялде дандеккун бихьинчилъи бугел гIадал рукIина. 2 метр борхалъи бугониги, ботIрода бижиларо рас, квадраталъулаб букIина нилъу, «кубикал» рукIина чехьалда, букIина цIакъго тIеренаб гьаракь. Руччабазул букIина хIеренаб тIом, рас гьечIеб бетIер, борхатаб керен. Гьедин лъугьине рес буго искусственияб къагIидаялъ чорхолъе риччазе кколел эстрогеназ.

Расал ва миллатчилъи ина аралъулъе. Хехаб транспорт хисила ва киналъулъго жуба-гъубай лъугьина. Ракьалда гIумро гьабизе буго европаялъулалазул гIадал



Амма эволюция буго сихIираб жо. Гьелъ кидаго тIаса бацIуна «хIажат гьечIеб жо». Масала, чиясул черхалъе рас щай, тIад ретIел букIунелъул гьелъ хинлъуларищ? ЛъикIаб канлъиги щай цIороберал ругелъул. Эволюциялъ тIаса росизе бегьула чисе хIажатал жалгицин, масала, ччорбал. Щай? Щайгурелъул I000 сонидасан нилъер гIумро гIуцIун букIине буго цIакъго лъикIаб технологиялдасан, ччорбал абуни хIажалъизе гьечIо. Физическияб къуватги хIажалъичIого букIине бегьула, гьабсагIатго умумаздаса гьеб рахъалъ нилъ гIемерго нахъе ккун руго, хадусел гIелал рукIине бегьула тIеренал, иммунитет загIипал.

ГIадамазул сахлъиги гIумроги ккезе руго цIиял технологиялъул кумекалдалъун ва «расалде данде таблеткабазги», гьеб инсанас бахъизе буго. Хисизе буго лъимал рукIинги. Хадусеб гIелалъул тIабигIияб потенция загIипаб букIине буго, гьеб лъикIаб гуреб куцалде ккезе буго рахъизе ругел дарабаз. Яичникаби гьитIинлъизе руго. Щай гьел, лъималги клонировать гьаризе бегьулелъул. Лъимал гьадинго рижизариги букIине рес буго.

**БецIаб тIомалъул европаялъулал**

Нилъеда макьилъ бихьичIеб куцалъ цебетIела гIелму-техника. Ччорбал, физическияб къуват, потенция гьечIого гIумро гьабизе кIвела чиясул берал ругел ва бецIаб тIом бугел гIадамаз

Лъимал гьарила заказ кьун. 2000-3000 сонидасан гIодоб чIвазе буго инсанлъи. I0 азарго сонидасан цоцада гаргадизе бажари лъугIизе буго гьезул. ГIагаразул гьабиларо тIалаб-агъаз, гIодобе ккела эбел-лъималазул эмоционалияб цоцалъ журай. Лъимал гьарила гIисинал нилъаби ругел, чIамизе ккеларо квен. Гьеб щвезе буго смесаздалъун ва инъекция гьабун. Дагьалги дарабазда рухьараллъун рукIине руго гIадамал, дагьалги гIемерлъизе руго рахунел унтаби. Дагьго гурони хIалтIизе кколарелъул гьезул иммунитетнияб система. Гьеб гьедигIанго хIажатаблъунги кколаро, гьелъие гIоло хIалтIизе буго техника.

Къадарлъизе буго ракIалда жо чIей (память). ГьитIинлъизе буго гIадалзул нах, ракIалда жо чIей, пикру гьаби тIаса босизе буго компьютераз.

ГIага-шагарго нусго сонида жаниб инсаният бикьила кIиго группаялде. Баккила генетикияб элита: борхатаб лагачерхалъул гIадамал, гьормал рукIина асиметричниял, рукIина къокъал гъуждузул гIадамал. Кинабго жо нухда бачине буго техникаялъ, бионическиял органаз ва генетикиял хутIелаздалъун. Эбел-инсуца абуни бокьараб полалъул лъимал заказ гьаризе бегьила.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 16. 6. 2021 г. 17.00
фактически -18. 00 мин.
........................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.